

LAYANG KABAR NAGARA (RIJKSBALD)

ANGKA 1

**PEPACAK MRANATA BAB LAKUNE ANDHAWUHAKE
UNDHANG - UNDHANG LAN PRANATAN**

**DHAWUH INGSUN UNDHANG-UNDHANG KANG KATITIMANGSAN
KAPING 25 MARET 1916**

INGSUN INGKANG SINUWUN KANGJENG SULTAN :

Wus anggalih sabanjure :

Marmane ing samengko kang dadi kaparengingsun, andhawuhake kaya ing ngisor iki :

1. Sakabehe pranatan lan Undhang-undhang Ingsun, bakal kaunggahake ing Buku Regester mawa angka urut Buku Regester mau kacekel Pepatih Ingsun.
2. Sakabehe dhawuh Ingsun kasebut ing kapisan dhuwur mau, jalaran diundhangake kanot ing layang kabare nagara, wus andhuweni pikukuh absah. Ing anger ing sajerone karatoningsun lan manawa Undhang-undhang mau ora ditemtokake tumapake. Kenane dianggep sah panindhake ing telung puluh dinane saka titimangsane layang kabar nagara kang kamot dhawuh Undhang - undhang mau.
3. Pepatih Ingsun kang angemokake Undhang-undhang mau, tandhane yen wus, katumrapake Undhang-undhang mau ana kapratandhan dening Pepatih Ingsun.
4. Sakabehe pranatan lan Undhang-undhang Ingsun bakal kalumrahake ingakeh sarana kamotake ing layang Jawa utawa Melayu siji utawa luwih kang diwetokake ing sajerone karatoningsun, yen ana perlune uga di kamotake ing layang kabar Walandha.

Dhumawuh ing kadaton Ngayogyakarta Hadiningrat, tanggal kaping 20 Jumadilawal Tahun Je angka 1846 utawa kaping 26 Maret 1916.

Sabiyanu Kangjeng Residhen
ing Ngayogyakarta
Katandhan

KANE

ASMA DALEM CAP

Kaundhangake Dening Pepatih Dalem

Katandhan
DANUREJA